



## Prepare w Pou Vote

Vòt ou konte! Antanke jèn nan Sid Florid la, nou konprann pwoblèm ki afekte vil nou an, e nou gen solisyon kominote nou yo bezwen pou yo pwospere. Eleksyon lokal yo ap apwoche, se nou menm, elektè yo, ki pou deside ki moun ki pral reprezante nou nan nivo lokal la. Engage Miami la pou li fè w sonje dat limit eleksyon yo, bay enfòmasyon sou dwa w pou vote, ak fason pou w vote. Epitou, ou ka jwenn yon gid elektè ki eksplike ki kote kandida yo kanpe sou pwoblèm ki pi enpòtan yo. Pa janm rate yon eleksyon ankò! Enskri jodi a pou w resevwa tèks ak imèl konsènan eleksyon minisipal yo pou ane sa a.

### BOUTON

#### Men twa etap senp pou asire w ou pare pou vote:

1. Enskri pou vote, oswa mete enskripsyon votè w ajou pou chanje adrès ou, oswa seleksyone ki pati politik ou sipòte.
  1. Ou dwe enskri pou vote 29 jou anvan Jou Eleksyon an. Enskri [isit la](#) pou vote oswa mete adrès ou ajou ak/oswa ki pati politik ou sipòte. Ou ka tcheké estati votè w [isit la](#).
  2. Eske w te konnen? Eleksyon primè nan eta Florida fèmen, sa vle di, se sèlman votè ki anrejistre nan yon pati politik ki ka patisipe nan eleksyon primè pou kanpay enpòtan yo tankou kanpay gouvènè yo ak lejislati eta a.
2. Mande bilten Vote pa Lapòs ou (VBM).
  1. Nan meni sa a w ap jwenn yon lyen pou mande yon bilten vòt pou vote pa lapòs nan konte Palm Beach, Miami-Dade ak Broward.
  2. Yon nouvo lwa eta a egzije pou tout votè Florida yo resoumet aplikasyon pou bilten Vote pa Lapòs yo apre chak eleksyon jeneral (chak dezan). Si w te enskri pou vote pa lapòs anvan Desanm 2022, sa vle di aplikasyon w lan ekspire.
  3. Ou ka mande pou yo voye yon bilten Vote pa Lapòs ba ou jiska 5 p.m. nan 10yèm jou anvan yon eleksyon. Li enpòtan pou mande, epi soumet bilten Vote pa Lapòs ou an pi vit posib.
  4. Votè an dwe retounen bilten vòt la pou li rive nan Depatman Eleksyon an anvan 7 pm jou eleksyon an (epitou, votè an ka lage bilten an nan yon bwat depozit pou vòt yo, oswa yon moun ki deziyen pou sa ka retounen bilten an - gade opsyon w yo [isit la](#)).
  5. Asire w ke w siyen bilten vòt ou an avèk menm siyati ki sou kat enskripsyon votè w la.
  6. USPS/lapòs rekòmande pou moun voye bilten Vote pa Lapòs la omwen yon semèn davans pou l rive Jou Eleksyon an. Si w toujou genyen bilten Vote pa Lapòs ou an yon semèn anvan eleksyon an, nou rekòmande pou w ale depoze bilten an oswa pou w al vote an pèsòn.



3. Enfòme w sou pwochenn eleksyon yo.
  1. Pwomèt pou Angaje w avèk nou jodi a, epi pa janm rate yon eleksyon! Nou pral voye mizajou pa imèl ak tèks ba ou sou pwochenn eleksyon yo, dat limit yo, ak aksyon kominote a. Tanpri pataje enfòmasyon sa yo ak zanmi w, ak fanmi w pou yo menm tou, yo ka pare pou eleksyon yo!
  2. Fòm pou [Pwomès Angajman](#) w.